



25 Mas 2024

Rue Estimé; Fort National

moleghaf17@yahoo.fr

+509 32 20 4063

+509 33 96 9492

Mouvman Libète, Egalite sou chimen Fratènite tout Ayisyen (MOLEGHAF) ap salye medya pa w la pandan n ap pwofite wete chapo nou douvan kokennchenn sakrifis chak jounalis yo pou al ranmase enfomasyon pote bay lòt moun ki pi mal. N ap bat bravo pou sa.

Depi 29 fevriye 2024, nou kapab konstate tout popilasyon ayisyèn lan plonje anba yon kriz san parèy. Bandi sou kontwòl boujwazi a ak enperyalis meriken mete lavi malerèz ak malere nan yon veritab otaj pandan Entènasyonal kominotè a kontinye ap woule aktè politik yo nan farin. Sitiyasyon yo ap deteryore. Lavi a ap pi chè. Lekòl pa fonksyone. Malere ak malerèz ap kite lakay yo. Nan lide sa, **Mouvman Libète, Egalite sou chimen Fratènite tout Ayisyen (MOLEGHAF)** ap pwofite envite medya w la pou vin kouri konferans prè l ap bay jou mati k ap 26 mas 2024 la, nan **Bureau des Avocats Internationaux (BAI), 3, 2ème rue Lavaud, Port-au-Prince, Haïti, nan lè 10 zè**. Veritab objektif konferans prè la se kontinye **Apèl pou rasanbleman ak tout fòs revolisyonè pou yon inite nan kan mouvman popilè a, pati ak òganizasyon politik revolisyonè yo**.

Yon remèsiman san fòs kote. An nou rete djougan.

[ENSKRIV ISI](#)

Siyatè:

David Oxygène, Sekretè jeneral MOLEGHAF

Domini Resain, responsab mobilizasyon

Jelin Esaü Jules, responsab komünikasyon

